

# Gouvènman Canada pibliye bidjè 2023

*Bidjè federal pral sipòte yon klas mwayèn ki pi solid, yon ekonomi abòdab, ak yon avni an sante pou kanadyen yo.*

28 mas 2023

Ottawa, Ontario

Depatman Finans Kanada

Jodi a, Onorab Chrystia Freedman, Vis-Premye Minis ak Minis Finans pibliye [Bidjè 2023 – Yon plan ki fêt nan Kanada: Yon klas moyèn solid, yon ekonomi abòdab, yon avni an sante.](#)

Kanada te fè yon rekiperasyon remakab apre resesyon COVID la. Developman ekonomik Kanada te depase peyi ki nan G7 yo pandan ane ki sot pase a, e jodi a 830,000 kanadyen anplis ap travay pase anvan pandemi an. Enflasyon nan Kanada te bese pandan 8 mwa afile, to chomaj nou an bat yon rekò ki te vrèman ba, rezulta sa a te jwenn sipò yon sistèm aprantisaj bonè ak gadri ki abòdab nan tout Kanada. To patisipasyon nan fòs travay pou fanm yo te rive bat yon rekò 85.7 poustan nan mwa fevriye a.

Bidjè 2023 a chita sou pwogrè enpòtan sa yo.

Grasa novo rabè sou pwodui alimantè yo, bidjè 2023 a ofri yon soulajman nan enflasyon ki vize 11 milyon kanadyen ak fanmi ki nan plis bezwen, avèk 467\$ anplis pou madanm ak mari ki gen timoun, 264\$ anplis pou kanadyen selibatè ki pa gen timoun e 225\$ anplis an mwayèn pou gramoun ki gen laj yo. Gouvènman an pran aksyon tou pou kontrekare tout aktivite konsènan kèk frè kache ak prè abizif, redui tranzaksyon frè sou tranzaksyon kat kredi pout ti biznis yo e ede kanadyen yo pou yo gen plis lajan nan pòch yo.

Pou kapab ranfòse swen sistèm sante publik inivèsèl kanadyen an, bidjè 2023 a prevwa 193.3 milya dola pou kapab redui aryere, ogmante aksè nan sèvis sante fanmi yo e veye pou pwovens yo ak tèritwa yo kapab bay swen sante nan yon kalite wo nivo e nan yon tan nòmal kanadyen yo merite, Nan bidjè 2023 a, gouvènman an pwofite prezante yon novo rejim swen dantè. 9 milyon kanadyen ap benefisyé rejim sa a e pap gen okenn kanadyen kap gen pou chwazi ant pran swen sante pou dan yo e peye fakti yo nan fen mwa a.

Bidjè 2023 a ap fè envestisman transfòmatif pou kapab bati yon ekonmi pwòp pou kanada, batay kont chanjman klimatik e kreye novo opòtinite pou biznis yo e travayè kanadyen yo. Sa genyen ladan 1 yon seri mezi enpòtan kap bay yon enèji pi pwòp e pi abòdab. Sa ap ede envestisman nan kolektivite yo et sa ap pèmèt kreyasyon travay ki byen peye, e asire travayè kanadyen yo yo an mezi pou yo prwodui e livre byen ak resous kanadyen yo ak alye nou yo bezwen.

Avèk yon plan finansye responsab kap pèmèt Kanada pou 1 kenbe yon defisi ki nan pi ba nivo e rapò dèt ki pi ba nan peyi G7 yo, bidjè 2023 ap kontribye pou bati yon Kanada ki pi sèten, pi dirab e pi abòdab pou tout moun soti yon bout pou rive nan yon lòt bout.



# NEWS RELEASE

## Sitasyon

“Mwen pa t janm optimis konsa pou lavni peyi nou jodi a. Bidjè 2023 a ap ofri yon nouveau soulajman enflasyon ki vize kanadyen ki gen plis bezwen, swen sante piblik ki pi solid, ki gen ladan 1 swen dantè pou milyon kanadyen, e envestisman enpòtan pou bati pwòp ekonomi kanada. Nan yon epòk difisil nan monn difisil, pa gen pi bon kote pou moun abite ke Kanada.”

*Onorab Chrystia Freedman, Vis-Premye Minis e Minis Finans*

## Lòt referans

- *Bidjè 2023: Yon plan ki fèt Kanada: Yon klas mwayèn solid, yon ekonomi abòdab, yon avni an sante*
- Bidjè 2023: Diskou Vis-Premye Minis e Minis Finans
- Dokiman enfòmasyon: Ranfòsman swen sante piblik
- Dokiman enfòmasyon: Fè vi a pi abòdab
- Dokiman enfòmasyon: Yon plan ki fèt nan Kanada: Yon enèji abòdab, bon travay ak yon ekonomi kap devlope
- Dokiman enfòmasyon: Fè pwogrè nan rekonsilyasyon
- Dokiman enfòmasyon: Kominote pi solid e pi bon tèt ansanm (inclusive)
- Dokiman enfòmasyon: Amelyore prezantasyon sèvis

## Kontak

### Medya yo kapab kontakte:

Adrienne Vaupshas  
Sekretè pou laprès  
Biwo Vis-Premye Minis e Minis Finans  
[Adrienne.Vaupshas@fin.gc.ca](mailto:Adrienne.Vaupshas@fin.gc.ca)

Relasyon avèk laprès  
Minis Finans Kanada  
[mediare@fin.gc.ca](mailto:mediare@fin.gc.ca)  
613-369-4000

**Enfòmasyon jeneral**  
Telefòn: 1-833-712-2292  
TTY: 613-369-3230  
[financepublic-financepublique@fin.gc.ca](mailto:financepublic-financepublique@fin.gc.ca)



Department of Finance  
Canada

Ministère des Finances  
Canada

Canada